



Pou Piblikasyon Imedya: 15/01/2026

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLIS PASE 38 MILYON DOLA NAN FINANSMAN
ETA A POU RANFÒSE KOMINIKASYON IJANS POU SEKOURIS YO**

***Pwogram eta a finanse a soutni sistèm kominikasyon ijans atravè tout Eta a, lè li
ranfòse kapasite repons ijans yo***

***Finansman pou sipòte nouvo pwojè, enstalasyon ekipman ak amelyorasyon
chanèl kominikasyon nan nivo lokal yo***

Gouvènè Kathy Hochul anonse jodi a plis pase 38 milyon dola nan finansman eta a yo bay 17 konte ak Vil Nouyòk, pou amelyore kominikasyon ijans pou sekouris yo, sa ki fè Nouyòkè yo pi an sekirite. Pwogram Sibvansyon pou Kominikasyon Entèkonekte nan tout Eta a sipòte efò gouvènman lokal yo pou konstwi ak repara antèn radyo ki pèmèt yo kominike ak lòt sekouris pandan dezast ak ijans. Enstale ak fè antretyen antèn sa yo asire ke liy kominikasyon yo rete klèman aksesib nan sityasyon kote yo pi bezwen yo.

"Sove yon lavi ka depann de yon sèl apèl, e sekouris nou yo bezwen genyen sistèm kominikasyon ijans ki pi fyab pou ede lòt Nouyòkè yo pandan moman ki pi kritik yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Envesti nan repons ijans pou ranfòse preparasyon sekouris yo se yon kesyon lavi oubyen lanmò — mwen rete angaje pou mete sekirite piblik kòm priyorite atravè tout Eta a."

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans (The State Division of Homeland Security and Emergency Services) Eta a ki pral administre finansman an, ki disponib dapre Pwogram Sibvansyon Sible Kominikasyon Entèkonekte atravè tout Eta a (Statewide Interoperable Communications Grant, SICG) pou ane 2024 ak 2025 yo ansanm. Objektif pwogram Sible SICG (SICG-Targeted) la se pou konble mank ki genyen nan enfrastruktir entèkoneksyon an, fay nan kominikasyon rejyonal, amelyore redondans ak rezistans sistèm ki egziste deja yo epi sipòte aplikasyon Chanèl Entèkoneksyon Nasyonal yo. Tout konte Eta Nouyòk yo te elijib pou aplike pou finansman sible SICG a. Benefisyè yo ka itilize sibvansyon yo pou pwojè kominikasyon ijans, tankou enstalasyon nouvo ekipman, sa k ap amelyore chanèl kominikasyon nan mitan sistèm radyo sekirite piblik yo ak fòmasyon ak sipò pou fòmasyon ak egzèsis pou ankouraje kominikasyon ijans ant rejyon yo ak preparasyon pou sekouris yo.

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) Ian, Jackie Bray, te deklare,

"Sibvansyon sa yo jwe yon wòl enpòtan nan ede sekouris lokal nou yo ak modènize sistèm kominikasyon ijans ki egziste deja yo, epi ankouraje plis entèkoneksyon ant konte yo ak patnè pa yo. Mèsi, Gouvènè Hochul, paske w mete sekirite piblik kòm priyorite epi ankouraje efò pou ranfòse sistèm kominikasyon ijans nou yo nan tout fason posib."

Prim sibvansyon Sible SICG yo anonse jodi a se konsa:

Konte	Kantite Lajan yo Akòde	Pwojè
Allegany	\$3,000,000	Konte Allegany pral amelyore konektivite, ki gen ladan konsòl nwayo yo ak konpozan sistèm yo.
Chautauqua	\$1,900,000	Konte Chautauqua pral amelyore ekipman yo, sa ki pral pèmèt ekspansyon Chanèl Entèkonekte Nasyonal yo.
Clinton	\$3,000,000	Konte Clinton pral devlope de nouvo sit radyo entèkonekte ak ranplasman nwayo sistèm lan pou elaji ak amelyore rezo kominikasyon sekirite piblik yo.
Erie	\$560,800	Konte Erie pral mete Chanèl Entèkonekte Nasyonal yo ajou ak amelyore yo, sa k ap ranfòse entèkoneksyon ak zòn ki antoure l yo.
Herkimer	\$975,000	Konte Herkimer pral elaji frekans Entèkonekte Nasyonal yo nan tout gwoup yo, konsa li pral amelyore kouvèti ak kapasite nan tout konte a.
Madison	\$1,873,905	Konte Madison pral ranplase pyès ki fin vyeyi ak ekipman, ki gen ladan konsòl yo.
Monroe	\$1,609,992	Konte a pral elaji Chanèl Entèkoneksyon Nasyonal yo sou tout rezo yo, kidonk sa k ap amelyore kouvèti ak kapasite nan tout konte a.
New York City	\$3,000,000	Vil Nouyòk pral mete sistèm trunking P25 NYPD a ajou, pou amelyore kapasite, kouvèti, ak kontwòl, pandan l ap diminye pwoblèm entèferans yo.
Oneida	\$3,000,000	Konte Oneida pral mete ekipman ajou yo pou amelyore Chanèl Entèkonekte Nasyonal yo nan konte a.
Onondaga	\$2,584,800	Konte Onondaga pral elaji Chanèl Entèkoneksyon Nasyonal yo nan tout gwoup yo, kidonk sa k ap amelyore kouvèti ak kapasite nan tout konte a.
Putnam	\$3,000,000	Konte Putnam pral amelyore entèkoneksyon rejyonal la nan ajoute enfrastrikti kominikasyon pou ranfòse kominikasyon ak konte ak ajans ki vwazen yo.
Rensselaer	\$1,950,000	Konte Rensselaer pral mete Chanèl Entèkonekte Nasyonal yo ajou, ranfòse entèkoneksyon ak konte ki antoure l yo.
Schoharie	\$3,000,000	Konte a pral kreye yon nwayo radyo pataje ak konte

		vwazen yo, entèkonekte konsòl radyo yo epi itilize rezo mikwo-ond yo pou amelyore entèkoneksyon.
Suffolk	\$3,000,000	Konte Suffok pral elaji Chanèl Entèkoneksyon Nasyonal yo epi amelyore ekipman ki fin vye yo.
Sullivan	\$2,000,000	Konte Sullivan pral mete konpozan sistèm radyo yo ajou, tankou repetè yo ak sistèm antèn yo.
Ulster	\$3,000,000	Konte Ulster pral kreye lyen adisyonèl ki konekte sistèm patnè entèkoneksyon yo pou elaji pataj resous entèkonekte nasyonal yo atravè fwontyè konte yo.
Washington	\$1,024,514	Konte Washington pral mete konpozan sistèm radyo yo ajou, ki gen ladan konsòl yo, ansanm ak etabli koneksyon ant konte yo.
Yates	\$183,000	Konte Yates pral amelyore jeneratè rezèv yo pou yon sit radyo.

Enfòmasyon sou Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Eta a

[Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo](#) ofri direksyon, kowòdonasyon ak soutyen nan efò y ap fè pou anpeche, pwoteje kont, prepare pou, reponn a, epi rekipere apre atak teworis, katastwòf natirèl, menas, ensandi ak lòt ijans. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou [paj Facebook DHSES la](#), swiv [@NYSDHSES sou X](#) oswa ale sou dhses.ny.gov.

Resevwa mesaj tèks alèt ijans ak meteyo an tan reyèl dirèkteman sou telefòn ou. Voye yon mesaj tèks ak non konte oswa katye ou rete a nan 333111 pou enskri kounye a. Aprann plis sou dhses.ny.gov/emergency-alerts.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
 Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
 Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)